


KUTENDA

 Asi ofanira kushandisa kutenda muna Mwari, kuzviita kuti zvishande. Maona? Saka une rumuko rwako mukati mako. Rumuko rwako rwuri mukati mako, mumweya wako.

² Zvino, munoziva, Jesu paakafa pamuchinjikwa, “Munhu wake wemukati wakadzika mugehena uye akaparidzira kumweya yakanga iri mutorongo, isina kutendeuka mumazuva emoyo murefu aNoa.” Mutumbi waKe wakapinda muguva. Asi, Asati afa, Akakumikidza Mweya waKe mumaoko aMwari. Muruoko . . . “Mumaoko eNyu Ndinokumikidza Mweya waNgu.” Saka, munona, Mweya waKe wakaenda kuna Mwari; munhu waKe wemukati wakaenda kugehena; Mutumbi waKe wakaenda muguva.

³ Zvino, Mweya wakanga uri maAri wakanga uri Mweya waMwari. “Mweya iwoyo, munguva dzakare nemitowo yakasiya-siyana, wakazodza vaporofita, kuti vaunze Mharidzo kuvanhu; mumazuva ekupedzisira, kubudikidza naKristu; uye zvino, mumazuva aya ari pano, kubudikidza neEvhangeri.” Zvino, patinogamuchira Kristu mumoyo yedu, mune zvese zvatinoshaiwa. Mune Hupenyu Husingaperi.

⁴ Zvino, Kristu haaigona kudzoka kusvikira mazuva matatu apera. Nokuti, Mweya waKe wakanga uri seri kwechidzitiro, chakaita sechidziviso, sezvizi, zvokuti haAigona kuyambuka chidziviso ichocho, nokuti rakanga riri Shoko raMwari rakataurwa, kuti, “Aifanira kurara muguva kwamazuva matatu nohusiku hutatu.” Zvino, haAigona kudzoka kusvikira mazuva matatu iwayo nohusiku zvapera. Zvino mazuva matatu nohusiku zvakati zvapera, Mweya waKe wakasunungurwa. Wakaenda wakananga kumunhu waKe wemukati, zvino munhu waKe wemukati wakadzoka ukatora mutumbi, ndokuzadzisa zvaAkataura. “Ndine simba rokuradzika hupenyu hwaNgu pasi. Ndine simba rokuhumutsa zvakare. Ndine simba.”

⁵ Zvino, mumwe nomumwe wenyu ane simba, nenzira imwe chete, nokuti muri vanakomana navanasikana vaMwari. Uye Mweya wacho uri mauri, mangwanani ano, Mweya Mutsvene uri mauri mangwanani ano, Mweya Mutsvene mumwe chete iwoyo uchakumutsa. Saka, une simba rekuzvimutsa zvakare.

⁶ Paunofa, munhu wako wemukati anopinda mu—mu . . . pasi peartari yaMwari, kwete mune . . . muHupo hwaMwari chaimo. Zvino, mweya wako unoenda kuna Mwari, asi iwe haugone kudzoka. Rangarirai, muBhaibheri, Rakati mweya . . . “Mweya iri pasi peartari, ichichema, ‘Ishe, kusvikira riinhiko, kusvikira riinhiko?’” Uye vakanga vasingagoni kudzoka kusvikira Magwaro azadziswa, uye, saKristu,

akanga asingagoni kudzoka kusvikira Magwaro azadziswa. Zvino, shure, kwezvose zvakange zvaitwa, kutambudzika kwose kwapera, uye nehama dzatambudzika zvinhu zvimwe chetezvo, kana kuti tatambudzika sekutambudzika kwavakaita, nezvimwe zvakadaro; zvino, pazuva iroro, uchaziva chaipo pacho pawakavigwa, mweya wako uchasunungurwa kubva kuna Mwari uye uchauya kumunhu wemukati.

⁷ Zvino, munhu wemukati ndicho chikamu chako chinoziva nekunzwisisa, njere dzako. Munorangarira chiratidzo chandakava nacho kasiri kare, kana kuti shanduko duku, ndakaenda munzvimbo iyoyo ndokuona vanhu ivavo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, mweya wako uchadzokera kumutumbi iwoyo, uye nemhando iyoyo—iyoyo yemutumbi, munhu wemukati, unova mutumbi usingafaniri kudya nezvimwe zvakadaro. “Kana tabhenakeri iyi yepanyika ichinge yaparara, tine imwe yakatomirira,” mutumbi wekudenga. Uye nemweya iwoyo, nemunhu wemukati iyeye nemutumbi wekudenga, uchamutsa zvakare mutumbi wenyama uyu kuitira Mireniyamu huru iya. Maona? Une simba mauri zvino, rokuita izvozvo, zvino. Asi, simba iroro raunaro mauri zvino, rinogona kugadzira nyika itsva. Mwari havana tunzvimbo tuduku, tusina simba; uye nenzvimbo huru, dzinorema dzine simba. Kubata kudukusa kwaMwari kune masimba ose, munoona, kubata kudukusa kwaMwari. Saka, munoziva.

Saka ndiri kuedza kukuisai mukutenda zvino.

⁸ Unoziva kuti chimwe chinhu chaitika kwauri, seMukristu. Unoziva here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Waiwanzofambira zasi *kuno* mumatope, nematope ese pamwe nechivi, nokunwa, nokubheja, ne—nezvinhu zvenyika. Saka, pawakangotenda kuti Kristu aregerera zvivi zvako, wakabva wasimuka pamusoro pezvinhu izvozvo. Zvino wava kufambira kumusoro *kuno*, munoona, pamusoro pazvo zvose. Sei? Nokuti unotenda kuti uri Mukristu. Zvino pawakagamuchira Kristu, uye Mweya Mutsvene ukauya kwauri, zvino unova nokutenda muMweya Mutsvene, zvinokupa simba rekufamba napamusoro pemhando iyoyo yehupenyu hwechivi.

⁹ Saka, zvino, chinhu choga chaunofanira kuita, kuti ufambe uchikwira kumusoro mukupodzwa, ingova nokutenda kwakawedzerwa, ingo—ingoramba uchikusundira kunze. Maona? Uye hezvoka izvo. Zvino ipapo uri kurwara, uye usiri Mukristu, iva Mukristu izvozvi, kuitira kuti simba iroro rinopodza riuye mauri, kubudikidza nokuva Mukristu. Uye zvinokupa kutenda kwekufamba napamusoro pechivi. Zvichakupa kutenda. Uye chinhu chose chaungada, murwendo urwu, chiri mauri iko zvino. Uye chinhu choga chaunofanira kuita kuva nekutenda muna Mwari, kunosundira zvinhu zvakakanaka izvozvo kubva mauri, zviri mauri, kubidikidza

noMweya Mutsvene. Manzwisisa zvakajeka zvino here? Mazvibata here?

¹⁰ Ndinotenda Billy akandiudza, manheru apfuura, akandifonera akati, “Uyai, mangwanani ano, kunyanya muchitira munhu mumwe chete auya, achifunga kuti tiri kuva neshumiro vhiki rino, yeZvisimbiso Zvinomwe zviya.” Zvino vauya nemwana anorwara, ndinotenda kudaro. Uye kana muri pano zvino, changamire, rangarirai, hamugone . . . Kutenda kwenyu—kwenyu kuchafanira kuendera mwana iyeye, kana ari—kana ari mwana, mucheche mudiki.

¹¹ Asi zvino regai nditore rimwe Gwaro, kana zvakanaka, kwechinguvana. [Hama Neville vanopindura, “Pfuurirai henyu mberi, hama. Ameni.”—Mupepeti]

¹² Chingorangarirai, zvino, muEvhangeri, tinoverenga umo muchitsauko 16, ndinotenda, chaMabasa, apo Pauro naSirasi vakanga vari mutorongu humwe husiku. Uye vakanga varohwa nokuti vakanga vadzinga mweya wedhimoni kubva mumusikana muuki. Uye raiva . . . Uye, iye, vanatenzi vake vakanga vashatirwa nokuda kwazvo. Ndokuvarova, vakavaisa mumajeri omukati. Uye ipapo pavakazviita izvozvo, apo Pauro naSirasi pavakanga vachinamata, zvino Mwari vakatumira kundengendeka kwenyika ndokuzunguza jeri.

¹³ Muchengeti wetirongo wepaFiripi, ari mukuru wezana, izvo, kurasikirwa nevasungwa vake—vake, zvaizova kuti hupenyu hwake pachake hwaizofanira kuripira vasungwa vacho. Akavhomora munondo wake uye achida kuzviuraya, paya Pauro paakamhanya akati, “Usazvikuvadza. Tese tiri pano.”

¹⁴ Zvino mukuru wezana uyu akanga ane, tingati, mamwe maonero avakanga vanawo pamusoro paPauro nevamwe. Vanogona kunge vakaimba nziyo dzechitendero. Vanogona kunge vakapupura, kana kuita chimwe chinhu. Asi, chero zvazvaive, vaiziva kuti vaive varume vatsvene. Vaiziva kuti paiva nechimwe chinhu chakasiyana pavarume ivavo. Nokuti, nokukurumidza, akabvunza, “Chii chandinofanira kuita kuti ndiponeswe? Chii chandinofanira kuita kuti ndiponeswe?”

¹⁵ Zvino, Pauro akati, “Tenda muna Ishe Jesu Kristu, zvino iwe neimba yako muchaponeswa.”

¹⁶ Saka, zvino, kana kutenda kuna Ishe Jesu Kristu . . . Hazvirevi kuti ruponeso *rwake* rwaizoponesa vemumba. Asi kana aine kutenda kwakakwana muna Mwari kweruponeso *rwake* pachake, anogona kuva nekutenda kumwe chete kuitira veimba yake. Uye veimba yake vanofanira kupinda, munoono, zvimwe chete.

¹⁷ Zvimwe chete sezvakaitwa naJobho, sezvandakataura pane humwe husiku, zasi kuGeorgia, pamusangano. Ndakati, “Jobho, akati, ‘Zvino, handizivi kana vana vangu vatadza, asi ko kana

vatadza?” Zvino Jobho aiva nechinhu chimwe chete chokuita, kuva akarurama, kwaiva, kupirisa chipiriso chinopiswa. Akati aizopa chipiriso chinopiswa, kana vana vake vakatadza, ipapo vaizoregererwa chivi chavo. Uye chaiva chinhu chakanaka kuti baba vakazviita. Ndibaba vanofunga zvakanaka. Tinoda vanababa vakawanda vemhando iyoyo nhasi. Zvino Jobho akapirisa chipiriso chinopiswa. Ndepaya njodzi yake isati yatanga.

¹⁸ Asi vana vake pavakauraiwa vose, nemakwai ake ose aparadzwa, nezvose zvaakanga anazvo, zvikatorwa, akanga akagara pamurwi wemadota kuseri kwemba yake, achizvikwenya nekachimedu kepo to yevhu.

¹⁹ Makacherechedza here, mushure memazuva enjodzi yake, Mwari pavakatanga kudzoreredza kwaari zvakare? Paakambenge aine zviuru gumi zvemombe, nezvimwe zvakadaro, Vakadzoreredza zvakapetwa kaviri. Uye makwai ake akapetwa kaviri, uye nezvose hazvo zvakapetwa kaviri. Asi makacherechedza here? Uye Mwari zvakare vakapawo Jobho vana vake vanomwe. Makambofunga here kuti vaivepi? Chipiriso chiya chinopiswa chakavamiririra. Vaive vakaponeswa, vari muKubwinya, vakamumirira kuti auye. Ari pamwe navo nhasi uno. “Iwe neimba yako muchaponeswa.” Maona? Zvino, Jobho aiva nechinhu chimwe chete chokuita, kuti ave akarurama, kwaiva kupirisa chipiriso chinopiswa.

²⁰ Une chinhu chimwe chete chekuita, kuti uve wakarurama, ndiko, kuva nekutenda muna Mwari. Nokuti, unoponeswa nokutenda, unopodzwa nokutenda, nokutenda unowana zvose zvaunazvo. Maona? Ndezvekutenda, kuti unozvitenda. Zvino, “Tenda muna Ishe Jesu Kristu, uye yako neveimba yako vachaponeswa.”

²¹ Zvino, changamire, kana muine mwana pano kuti anamatirwe, imi tendai, pachenyu. Ndiri pano kuti ndiise kutenda kwangu pamwe nekwenyu, uye tichatenda, pamwe chete, kuti Mwari vachapodzwa mwana iyeye.

²² Munoono, tine simba matiri rokuita izvozvo. Une simba mauri rekuzviita. Mukristu wese ane simba rekuzviita. Asi zvino kana tikangwana . . . Simba iroro rinotungamirwa nemurairo.

²³ Sezvandagara ndichitaura, zvakafanana nesimba rinodhonzera pasi rinotungamira mvura, nekuti murairo. Simba rinodhonzera pasi rinotungamira mvura.

²⁴ Zuva, rinotungamirwa ne—ne...kana kuti nyika, kutenderera kwenyika. Haugone kungoita kuti zuva riite chinhu chimwe, wobva wati, “Ndinotenda ndinoda kuti wedzerei kurara zvishoma. Imbomira kweawa.” Harizviiti, munoono, nokuti pane murairo. Kana ukashanda maererano nemurairo iwoyo,

saka, ipapo, zvinhu zvose zvinoita zvakanaka. Kana ukaenda kunorara nenguva, unogona kumuka nenguva. Uye kana iwe . . .

²⁵ Sezvatine Dziva reSuperior, Dziva reOntario, Dziva reHuron, neMadziva Makuru ose iwayo kumusoro kuno. Tine makumi ezviuru zvakapetwa zviuru zvemaeka enzvimbo kunze kuNevada, nekuCalifornia, nekuArizona, nekuNew Mexico, dziri kutsva, dzichida mvura iyoyo, enzvimbo dzaizokudza chero chinhu. Waigona kupa pasi rose chikafu, kunze uko, dai waingova nemvura iyi, iri kumusoro kuno, zasi ikoko. Uye zvaisakanganisa izvozvo, nekuti inowana kubva muchisipiti. Painongobuda, inobva yangouya yakangoyererana zvakare, nokuti simba rinodhonzera pasi rinoibata ipapo. Saka, zvino, kana uchigona kushanda maererano nemurairo wesimba rinodhonzera pasi, unogona kutora Madziva Makuru ese aya wodiridza nyika yose iyoyo kunze ikoko, uye wopa pasi rose zvokudya, hapana anozova nenzara. Asi haugone kugara pano woti, “Hongu. Ndinozviona. Chokwadi.” Unofanira kuenda wonozviita.

²⁶ Saka, ndiyo nzira imwe chete yazviri nemurairo waMwari. Murairo waMwari kutenda. Uye tine kutenda pano, mangwanani ano, kunopodza chirwere chipi nechipi, kuita chero chinhu. Asi zvinotungamirwa nemurairo, uye murairo iwoyo kutenda. Murairo waMwari kutenda. Jesu akati, “Chero zvinhu zvipi zvaunoshuvira, paunomata, kana uchikwanisa kutenda kuti unozvigamuchira, unogona kuzviwana.” Hezvoka izvo. Saka, kutenda ndiko kunozvitungamira, uye kutenda kunopihwa kwatiri sokuda kwatinokuita. Zvino, tinofanira ku . . . Mwari vanogovera vamwe vedu kumwe kutenda, vamwe kumwewo kutenda. Harisi rimwe simba guru remweya raunaro. Nokuti, paunova Mukristu, u—unotova nesimba racho kare, asi unoshaya kutenda kwekushandisa simba iroro.

²⁷ Saka zvino, mangwanani ano, paunouya kuzonamatirwa, rangarira, Bhaibheri rakazvitaure izvi. Ichi ichokwadi. Jakobho 5:14, “Kana varipo pakati penyu, vanorwara, ngavadane vakuru vechechi. Ngavavazodze namafuta, uye vovanyengeterera. Munyengetero wekutenda uchaponesa vanorwara, uye Mwari vachamumutsa.” Ivimbiso, kana ukazvitenda. Nokudaro, munoono, kupodzwa kwakagoverwa kudungamunhu.

²⁸ Makanga muri mumazuva aJesu weNazareta. Akanga asingakwanise kupodza vanhu zvinopesana nekwavo—zvinopesana nekutenda kwavo. Akati, “Ndinogona, kana uchitenda. Kana uchitenda kuti Ndinokwanisa kuita izvi, Ndinogona kuzviita.” Kana uchigona kuzvitenda!

²⁹ Saka, vamwe vanhu vanokandira—vanokandira simba rekupodza mune vamwe, vavhangeri. Handizvo izvozvo. Simba rekupodzwa riri mauri. Riri mauri. Vanongoisa ngoro pamberi pebhiza. Muvhangeri haana simba rekupodza.

³⁰ Mweya Mutsvene ndiwo une simba rekupodza, uye une Mweya Mutsvene. Ndiwo muti mudiki wauri, uye zvinhu zvese zvaungada zviru mauri. Saka, naizvozvo, unongotanga kunwa kubva pavimbiso yaMwari, uchiti, “Ichokwadi. Mwari vakati Vaizondipodza. ‘Nemavanga aVo ndakapodzwa.’” Hezvoka izvo. Unoziva zvaunoita? Unotanga kusundira kunze kupora, ndizvo zvoga. Maona? Uye ipapo, vamwe vanogona kuona zvaunazvo.

³¹ Zvino zvazviri, “Kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvinotarisirwa; humbowo hwezvinhu zvisinganezwi.”

³² Ndinogona kuisa kamuti ako panze. Handisi kuona maapurosi, asi ari imomo. Muti mudiki uyo unoziva kuti arimo imomo. Saka unongotanga kunwa, uchisunda nekusunda, nekuti waiziva, “Zviri mandiri. Ndichazviburitsa pano mushure mechinguva. Ndipei nguva shoma. Ingondichengetai kwekanguva kadiki.” Unongoramba uchinwa. “Hongu, ndinoziva kuti maapurosi ari mandiri. Ndichaaunza, mushure mechinguva.” Uye chinhu chekutanga munoziva, heanoi anouya. Heanoi maapurosi anouya, nokuti wakatenda kuti ari mauri.

³³ Uye kana uchitenda kuti simba reMweya Mutsvene riri mauri, kukupodza, hezvoka izvo. Ingoramba uchisunda. Maona? Une kutenda. Haugone kuona zvirereko ipapo-ipapo. Iwe hauzvione.

³⁴ Zvino, munoono, Jakobho akaruramisa Abrahamama nemabasa ake. Pauro akaruramisa Abrahamama nokutenda kwake. Ko tichati kudii zvino, pakati pevaviri ava? Abrahamama aitaura pamusoro peizvo. . . Ndinoreva, Pauro aitaura pamusoro pezvakaonekwa naMwari muna Abrahamama. Uye Jakobho aitaura pamusoro pezvakaonekwa nevanhu muna Abrahamama. Maona? Zvino, maona?

³⁵ Nokudaro, Mwari vakaziva kuti, mwana asati auya, kuti Abrahamama aiva nokutenda. Uye Abrahamama akazviratidza kuna Mwari, nokuita sekuti (iye) mwana iyeye aizouya apo akanga asingabereki. Akanga asina vana. Chizvaro chemudzimai wake chakanga chakafa, uye iye akanga asingabereki. Asi, zvakadaro, akaziva, “Imomo pane imwe nzvimbo maive nemwana.” Munoono, akaramba achinwa vimbiso, akazembera pana El-Shaddai mukuru waMwari, *Zamu*. Akazembera ipapo, achinwa, achiziva kuti Mwari vaizomupa kwaari; akaziva kuti yakanga iri vimbiso, uye Vaifanira kuzviita.

³⁶ Zvino tiri vana vaAbrahamama. Saka ngatizembere pavimbiso yaKe, tobatirira ipapo, tichiziva kuti Mwari vachazviita. Vakataura kudaro. Munozvitenda zvino here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

³⁷ Zvino regai vanorwara vaite mutsara neche kuno kune rimwe remativi kana rimwewo, vanoda kunamatirwa. Uye kana tikawana mukuru pano ovazodza nemafuta, ndichavanamatira,

uye tichatenda kuti Mwari vachaita kuti mumwe nemumwe wavo apore. “Kana uchigona kutenda.”

³⁸ Teddy, uripi? Huya poterera nekudivi iri rekurudyi. Zvakanaka. Uye ndinoda kuti uridze *Tenda Chete*.

³⁹ Uye pavari kuuya, ngatingokotamisei misoro yedu, vamwe vese muungano, uye ngative mumunamato nekuda kwevanhu ava vari kuuya.

⁴⁰ Baba vedu veKudenga, tinounza kwaMuri, mangwanani ano, nemuZita raJesu Kristu, vanhu ava vanonzwisa urombo, vanorwara, vanotambudzika vari muchinhano ichi chakashata, chine njodzi. NdinoKutendai, Ishe. Ndi—ndinoziva kuti Mashoko eNyu ndeechokwadi. Ndeechokwadi kwazvo! Haagoni kukundika, nokuti Iwo iShoko raMwari remuna Ziyendanakuenda uye rinogara nekusingaperi. Ane simba rose, sezviri Mwari, nokuti Iwo chikamu chaVo. “Pakutanga kwaive neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakazova nyama uye rikagara pakati pedu.” Zvino, tinozvitenda izvozvo, Ishe, nemoyo yedu yose, nemweya wedu wose, nezvose zviri mukati medu. Tinozvitenda.

⁴¹ Uye ndaedza, nenzira yakareruka, yakaita seyemwana, kuzviratidza kuvanhu, kuti vakwanise kunzwisisa uye vazive kuti Simba raMwari riri mavari. Kana vakakwanisa chete kuva nekutenda kwavo uye votevera mirairo yaMwari.

⁴² Ndiko kuponeswa kwavakaitwa. Vakauya vakatendeuka pazvivi zvavo, uye vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, maererano neBhaibheri rino, Mabasa 2. Uye zvakare Petro akataura, kuti, “Muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.” Uye hechinoi Chichiuya, chaizvoizvo, nokuti IShoko raMwari raratidzwa.

⁴³ Saka, zvino, chinhu chimwe chetecho, Baba, tinoziva kuti ichokwadi, patinozodza vanorwara nemafuta, uye tovanamatira. “Munyengerero wekutenda uchaponesa vanorwara. Mwari vachavamutsa.” Mwari, dai mumwe nemumwe abva paartari ino, panzvimbo ino mangwanani ano, achifara kwazvo pamwe nekupembera, mukuziva kuti Mwari vavapodza. “Enda, unopora.” Nokuti tinovakumikidza kwaMuri zvino, muZita raJesu Kristu.

⁴⁴ Dai mumwe nemumwe apodzwa, uye abate chiratidzo, zvazvinoreva. “SaAbrahama, akadana zvinhu izvozvo, zvisipo, sokunge zvaivepo.” Hazvina mhosva kuti mhedzisiro yacho ndeipi, izvozvo hazvinei nechekuita nekutenda. Mhedzisiro haisi chinhu. Kutenda kwakatobata kare. “Zvino kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvinotarisirwa, uye humbowo hwezvinhu zvisingaoneki.” Mwari, dai zvanyura pakadzika mumoyo yavo, nokuti vari kuda iMi.

45 Ndinoenda semuranda weNyu akazvininipisa, kunomira apa pamwe chete nevamwe varanda, uye ndokumbira Mwari kuti muise mumwoyo yedu kuitira vanhu vanorwara ava. Tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amenii.

46 Mumwe munhu ati Hama Estle Beeler vanga vari muchivakwa. Uye ndinotenda kuti pane mumwe mushumiri pano, atungamirira nemunamato, mangwanani ano. Tinoda kukumbira vashumiri vese vari pano, chero zvavari, kana mukauya kumusoro kuno momira pese pano paartari ino pamwe nesu, kwechinguvana, zvisroma, ndapota, hama. Uye varume. . . Hama Ben, maita basa. Huyai kumusoro chaiko uye momira pese pano apa, pese paartari pano, kuti tigova nemunamato nevanhu ava, toturika maoko pamusoro pavo.

47 Zvino, vachiridza rwiyo. Zvino vashumiri vari kutora nzvimbo yavo pano, kuti isu, mumwe nomumwe, akwanise kuturika maoko pamusoro pevanorwara.

48 Ngationei, achidzika achidarika nepagomo uko. Ndinoona Murume achiuya, akanga asina kumbosiyana nechero mumwe murume hake. Aingovawo Munhu wamazuva ese, ane mutumbi wakaita semudiki, akati perezekei. Apo tinoMuona achitarisa, maziso aKe akatarira zasi pachi—chiitiko chiri kuitika zasi mumupata. Vaiva vaapostora vaKe. Vaiva nemukomana zasi ikoko, aiva nepfari, uye pasina kupokana asi zvavaitaura, “Mupodzei, Ishe! Mupodzei!”

49 Asi, munoona, kungoti, “Mupodzei, Ishe, mupodzei,” hazvishande. Izvozvo hazvingozviite. Panofanira kuva nechimwe chinhu shure kwaizvozvo, “Mupodzei, Ishe, mupodzei.” Maona? Uye kana ndikakwanisa kukuita kuti uzvitende izvozvo, uye wozvitenda izvozvo nemoyo wako wese, uchapodzwa, kana ndikakuuita kuti unyatsoona chiratidzo.

50 Zvino tarisai, vadzidzi vaye vakamira ipapo, pamwe vachimuzunza, pamwe vachitowedzera kusunda. “Zvitendei, hama! Zvitendei! Hareruya! Zvitendei! Mupodzei, Ishe! Mupodzei!” Asi dhiyabhore akaramba akagara ipapo, nokuti haana kukwanisa kuwana kutenda kwakakwana ipapo kunomuita kuti aende.

51 Asi heunoi Mumwe achiuya achidzika chikomo. Zvino dhiyabhore iyeye paakangocherechedza kuti akanga akati siyanei nevamwe varume. . . Maona?

52 Zvino, ndiyo mhando yevarume vatinoda kuva ipapo, saIshe wedu Jesu. Hongu. Kwete kungouya kuzoratidzira, asi wouya, uchida Mwari wedu, uchiziva kuti takairwa kuti tiende kunoita izvi. Ndiko kutumwa kwedu.

53 Zvino, paAkafamba achienda kuna baba, ndinofunga kuti ndipo apa rwiyo rwuya rwakanyorwa rwuchibva, rwuchinyorwa neShoko, akati, “Ishe, ivai netsitsi pamusoro pemwanakomana

wangu, nekuti anongotambudzwa nenzira dzakasiyana nedhimoni.” Akati, “Rinomukandira mumoto, uye anoonda nekupera simba, nezvimwe zvakadaro.” Akati, “Ndauya naye kuvadzidzi veNyu, asi havana kugona kumupodza. Asi nda—nda—ndafunga. . .”

⁵⁴ Akati, “Ndinogona, kana ukatenda. Zvino, Ndine Simba maNdiri,” Akati, “rekuzviita, kana uchigona kuzvitenda izvozvo.”

⁵⁵ Mwari vangatendera here vanhu vakabatwa nekenza vagere pano mangwanani ano, vakabatwa, vari panhowo nekuda kwekenza, nekenza yemuropa, hurwere, kutambudzwa, Mwari vangavapodza here uye iwe vokupfuura? Hazvingadaro. Kwete. Maona? Zvino, haVakundike. “Ndinogona, kana uchitenda.” Chii chaAkataura?

Nokuti zvinhu zvose zvinogoneka, chete. . .

Zvino, Hama Tyler, huyai kuno. . .? . . .

Zvino chingotenda chete, tenda chete,

⁵⁶ Zvino, ndichinamata, ndinoda kuti muturike maoko pamusoro pavanhu. Chero chipi chavari kungoda, . . .? . . . uye modzika zasi chaiko nemutsara.

⁵⁷ Hama Neville, imi zodzai nemafuta, uye hama. . .? . . .

⁵⁸ Ndinoda kuti munhu wose, ari muungano, uve nemusoro wako wakakotamiswa zvino. Munhu wose akadzika mumunamato.

Chete. . .

⁵⁹ Ishe, ivai netsitsi, ndinonamata, uye podzai vanhu ava, kubudikidza neZita raJesu Kristu. Amenii.

MuZita raJesu weNazareta. . .? . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

⁶⁰ Vazhinji kwazvo, vari mumutsara, ndavatarisa, kuti ndione madairiro avo ekuti vaive sei, ndoona kuti vanodaira sei pane chiiitiko. Maona? Pane chinhu chakadaro sechiito, vasimuka uye vakauya kumberi. Chimwe chinhu, madairiro avanoita pane chiito ichocho chavaita. Mushure mokunge vasvika panzvimbo yekutenda, kuti, kana vakanamatirwa, vachapodzwa, zvino wotarisa madairiro echiitiko chavo.

⁶¹ Zvino, mufundisi wedu ane mharidzo yakanaka yedu, ndine chokwadi, mangwanani ano.

⁶² Chinhu chimwe chete chandinoda kutaura nezvacho kwechinguvana, ange ari musikana wechiKatorike ange akamira apo paartari. Mazuva mashoma apfuura ainge ari mumba mangu, iye nemurume wake. Uye ndakaziva murume wake kwenguva yakati kuti. Uye—uye pakanga paine chimwe chinhu ipapo patakanga takagara muhurukuro yepakavanda.

⁶³ Ndiko kwatakava nechiratidzo. Ndiko uko isu... Ndaisimbova nayo pano muchechi, asi yakangatora mangwanani ose, nezvimwe zvakadaro. Uye saka yaiva imomo.

⁶⁴ Handina kumbotaura chinhu, nokuti iye akanga ari musikana, chimwe chinhu, akakudzwa nguva yose muchechi yeKatorike, nezvimwe zvakadaro. Asi akatanga kutaura akamiririra amai vake. Uye panguva iyoyo, ndakaona chiratidzo chaamai vake. Ndakamuudza kuti dambudziko raamai vake raiva rei, uye ndikarondedzera zvakavari, uye kuti amai vake vaitaridzika sei. Chokwadi, ndiye aive mutongi wazvo, kuti zvakange zviriri izvo here kana kuti kwete. Handina kumboona amai vake, muhupenyu hwangu. Anozviziva.

⁶⁵ Zvino musikana wacho, mangwanani ano, auya paartari pano ndokumira, kuti areurure, nokugamuchira Kristu seMuponesi wake. Azviita paartari, mangwanani ano.

⁶⁶ Hama Neville, vasingazivi, vamuzodza nama futa. Ma—mashandiro anoita Mwari! Vamuzodza nama futa, kuitira vanorwara. Asi tarisai kufamba kweMweya Mutsvene. Zvino, nokuti anga azodzwa, chaizvo asiri kurwara, asi azodzwa. Munoono kuti zvinoita kuti zvese zvishande zvakanaka sei? Amira seMukristu zvino, mushure mekunge ava izvo zvatinotenda kuti Mukristu. Zvino, ati, “Munganamatirawo amai vangu here? Vari kurwara.” Ndiye mumwe chete iyeye. Saka nama futa ekuzodza anga atoiswa kare.

⁶⁷ Ndafunga, kuti zvaka fanira sei, kuti, munoono, mumwe munhu ari kungobva mukuponeswa. Kristu akatimiririra tose. Anomiririra vose. Zvino musikana uyu achingobva kuva muKristu, zvino anoda kumiririra mumwe munhuwo, zvakare, zviratidzwa kuti Mweya waKristu unouya matiri kana taponeswa zvezvirokwazvo. Zvino, izvozvo zvakanaka chaizvo. Ndi—ndinozviyemura chokwadi izvozvo, mweya iwoyo wakanaka weChikristu wekutenda. Zvino, chingorangarirai.

⁶⁸ Zvino, kumudzimai wechidiki uyu, ari pano pane imwe nzvimbo, uye kune mumwe mudzimai wechiKatorike auya pano. Uye ndinoda kutaura mashoko aya, ndisati ndadzorerera shumiro kumufundisi wedu, munoono, ndeizvi:

⁶⁹ Zvino, chechi yeKatorike yaimbova yakaita sechechi ino pane imwe nguva. Kana mukadzokera moverenga Bhaibheri, iro ratinotenda, uye munoziva kuti Chechi yeKatorike ndiyo yaive Chechi yekutanga. Ichokwadi. Asi yakabva padzidziso dzaRo. *Iri* ndiro raive dzidziso yechechi yeKatorike. Asi, munoono, vane mabhuku mazana matanhatu nemamwewo ayo akanyorwa navanapapa nevamwe vakadaro, anongova matsvene kwavari seBhaibheri rino.

⁷⁰ Saka, munoono, kuti ichi chii, hauna kushanduka. Zvawakaita, wakangotendeutsa. Maona? Zvino kana

ukatora . . . Nokuti, ndinofungidzira pamwe vamwe venyu, vaviri ava, mangwanani ano, vanga vari madzimai. Panogona kunge paine varume vechiKatorike vagere pano.

⁷¹ Kana mukadzokera kunhoroondo yechechi, kana mukabvunza muprista wenyu, “Kuita kwevaapostora ava muBhaibheri pano, ndozvaive here zvakaita. . . Ndivo vaiva maKatorike epamavambo here?” Iye achati, “Hongu.” Uye ichokwadi. Vakanga vari. Zvino, ivo, tarisai mhando yechinamato chavaiva nacho. Vaisangana munzvimbo duku, yakaninipa. Havana kumbotaura, “Makaziwa Maria” kana “Vanababa vedu.” Itsika yechechi. Vakati kudini? Vakarumbidza Mwari. Vakadanidzira. Vakachema.

⁷² Tarisai pano muna Mabasa 2, apo muApostora mutsvene Petro, naJakobho, naJohane, uye nevose vakanga vari pamwe chete. Bhaibheri rakati vakataura nendimi. Uye vakadanidzira, uye vakatoita vakazadzwa chaizvo—chaizvo neMweya kusvikira vakaita sekunge vakadhakwa, uye kunyange kusvikira nyika yekunze yakabvunza, “Hazvisi zvidhakwa zvose here izvi?”

⁷³ Zvino ipapo Petro, muapostora, Mutsvene Petro anova mutsvene, paakasimuka, zvino akati, “Varume hama, varume ava havana kudhakwa, asi vazadzwa neMweya,” se—sezvakataura Bhaibheri kuti vaive. Zvino, ndiyo yaive chechi yeKatorike yepakutanga, maererano nedzidziso yavo.


⁷⁴ Zvino, munoona, mushure memakore angangoita mazana maviri, vane chiremerera vakatanga kupinda muchechi. Zvino chii chavakaita? Vakaita sangano ravo rekutanga paKanzuru yeNicaea, A.D. 606. Vakaita ravo. . . Pakaitwa Kanzuru yeNicaea paNicaea, kuRoma, vakatanga kupinza vose vanoremekedzwa vakuru, zvino vakangovamba chechi, uye *vakaita* chechi.

⁷⁵ Mushure maizvozvo, yakapamuka kana kana kashanu. Vakaenda—vakaenda vachibva ipapo, vakaenda pana bhishopi; vakabva pana bhishopi, ndokuenda pana papa. Uye kubva ipapo, kwakauya maGreek Orthodox nemamwe akasiyana, kusvikira vaparadzana, kusvika pamunoiona iri nhasi. Ingori mumhando dzese dzekupamuka.

⁷⁶ Asi zvatiri kuedza kuita, shamwari yangu muKatorike, unoona, tiri makatorike, zvakare. Tiri katorike yepamavambo, yekutanga. Uye chechi yavanotidaidza zvino, kazhinji, tinodanwa semapentekosti, nekuti tinotenda muropafadzo repentekosti.

⁷⁷ Ndipo apo chechi yeKatorike payakaitwa sangano. Uye mumasangano edu ePentekosti, nhasi, kana—kana nyika ino ichazomira kwemamweve makore mazana mashanu, sangano iri rePentekosti rinozodarika kuva retsika kupfuura zvirira chechi yeRoma Katorike nhasi. Riri kungoramba richienda kure, nenzira imwe cheteyo. Uye kana vaita sangano, vanogadzira

kirabhu kubva mariri. Uye ipapo vanongobva vava kirabhu, nenhengo, nemweya isina kutendeuka.

⁷⁸ Kuhama nehanzvadzi dzangu dzakakosha, dzinodikanwa, kunemi mose. Semuranda waMwari, handina kumbotaura izvi kumashure, munyika, muchechi ino, handina kumbotaura. Asi semuporofita waShe, ndinoti kwamuri, “Ichi ndicho Chiedza. Fambai maChiri.” 

KUTENDA SHO61-0813

(Faith)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Nyamavhuvhu 13, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org